АССАЛАМУ ГIАЛАЙКУМ!

# ЦОЛЪИ

№33 (9921)
РУЗМАН
21 август 2020 сон
2 МУХIАРРАМ 1442 СОН

Шамил районалъул газета
Газета бахъизе байбихьана 1931 соналъул маялда

Единство | Газета къватIибе уна моцIида жаниб 4 нухалъ | Багьа эркенаб

■ ДАНДЕЛЪИ

## ГIаммаб цIуна-къаялдалъун бергьина коронавирусалдаса

**18 августалда районалъул бетIер МухIамад ХIасановас тIобитIана коронавирус тIибитIиялда данде къеркьеялъе гIуцIараб оперативияб штабалъул данделъи. Жакъасеб къоялде вирус тIибитIиялъул бугеб ахIвал – хIал ва гьелда данде чIеялъе гьарулел тадбирал рукIана аслиял суалаллъун.**



Райбольницаялъул бетIерав тохтур И.Халиловас бицана коронавирус тIибитIи дагьаб гIодобе ккун букIин гурого, лъугIун гьечIеблъи. ТIоцебесеб тIадецуй вирусалъул дагьлъун букIана. Амма июлалъул ахиралда Ругъелда ва ХIотода тIатана коронавирусалъ унтарал. Гьелдаса нахъе районалда унтаразул къадар, Ибрагьим Халиловасул баяназда рекъон, байбихьана цIикIкIине.

Киналниги районалда унтаразул къадар 18 августалде бахун буго 61 чиясде, гьезул 45 руго амбулаторияб лечениялда, 11– стационаралда.

ХIотода росулъ унтарал загьирлъидал, тIоцебесеб къоялъго лъуна пост ва чIезабуна хасаб низам.

«Районалъул больницаялда чIезарун руго киналго шартIал, коронавирусалъ унтарал сах гьаризе» - ян тIадеги жубана И.Халиловас.

Жиндир иргаялда районалъул бетIерасул заместитель ГI.Рамазановас бицана гIадамал гIемер данделъулел бакIазда дезинфекцияби гьариялъул ва цIикIкIараб кIвар кьун цIуна-къаялъул хIалтIаби гьариялъул.

ЦIалул сон байбихьилалде гьабулеб бугеб хIадурлъиялъул ва цIуна-къаялъул тадбиразул баян кьуна лъайкьеялъул отделалъул нухмалъулев Ибрагьим ХIажиевас. Киналго лъайкьеялъул идарабазул, ясли-ахазул ва диниял идарабазул хIалтIухъабаз цIали байбихьилалде кьезе ккола коронавирус загьир гьабулеб анализ.

Жакъасеб къоялде бугеб ахIвал – хIалалъухъ балагьун, ХIотода ва ТIаса Бакълъухъ школал рагьи хутIулеб буго суаллъун. Гьелъие хIукму гьабизе ккола 25 августалъ иргадулаб штабалъул данделъиялда.

Бугеб ахIвал – хIалалъул хIасилал гьарулаго, районалъул бетIерас тIадкъай гьабуна, сахлъи цIуниялъул идарабазул хIалтIухъаби коронавирус тIибитIиялдаса цIуниялъе кIвар кьеян ва хасаб форма ретIиялда тIадчIей гьабеян. - ЛъугIизе тезе бегьуларо жамагIаталда гьоркьоб коронавирус тIибитIиялде данде гьабулеб хIалтIи. Нилъ жеги руго карантин чуч гьабиялъул кIиабилеб бутIаялда. Коронавирус тIибитIи гIодобккей бараб буго жамагIаталъул бичIчIиялдаги, нилъеца рекъонккун гьабураб хIалтIиялдаги, -ян абуна МухIамад ХIасановас данделъиялъул ахир лъолаго.

*Лъайкьеялъул бутIаялда*



1 сентябралда цIалдохъабазе нуцIби рагьизе хIадурулел руго школал

3 гьум.

*Гара-чIвари*



МунпагIаталда хIалтIани кIудияб давла буго туризмалъулъ

3 гьум.

■ БАРКИ



**ХIурматиял диналъул вацал ва яцал! РакI-ракIалъ баркула нужеда тIаде щвараб бусурбабазул цIияб 1442 сон. БукIаги гьеб нилъее лъикIлъабазул цIураб, балагь – къварилъи жаниб гьечIеблъун. Кweшабги, рокьукъабги, къваридабги хутIаги араб соналъулъ. Биччанте нилъее гьаб сон букIине мунагьаздаса рацIцIалъиялъулги, Аллагьасде гIагарлъиялъулги сонлъун. ЦIунаги БетIергьанас Дагъистан ва тIолабго исламияб уммат питна-кьалалдаса.**

**Гьарула киназего щулияб иманги лъикIал ишазулъ икъбалги. Кьеги киназего ТIадегIанас дунялалдаги ахираталдаги талихI. Аллагьас цоцазда гьоркьоб рокьиги, вацлъиги адаб – хIурматги цIикIкIине гьабеги!**

**Районалъул бетIер МухIамад ХIАСАНОВ**

■ ЦIИЯЛ ХАРБАЛ

## ХIебда нух къачIалеб буго

**Исана гIемер бицунеб бугеб дагъистаниязе хайир цIикIкIараб, «Дир Дагъистан» проекталъул хIалтIаби руго унел ХIебда росулъги. Имам Шамилил къватIалъул аслияб шагьраялдаса басрияб гьаадерил кьоде унеб нухлул 222 м. манзилалда байбихьун буго асфальт тIезе.**



19 августалъ районалъул бетIер М.ХIасанов щвана гьениве, къимат кьуна проекталда рекъон гIумруялде рахъинарулел ругел хIалтIабазе. Гьесда цадахъ асфальт тIолеб къватIалде щвана районалъул депутатазул собраниялъул нухмалъулев МухIамадамин Хизроев ва ХIебда росдал бегавул МухIамад АхIмадов.

Нух рагIа-ракьанде щун битIизабун, асфальт тIун, хIалтIаби хехаб заманалде лъугIизе ругин баян кьуна подрядчикас.

Гьабулеб хIалтIуе районалъул бетIерас кьуна лъикIаб къимат, ва баркала загьир гьабуна ООО «Габионстрой»ялъул хIалтIухъабазе, мухIканго тIубалеб бугеб ишалъухъ.





Гьумер хIадурана ГIайшат НУРМУХIАМАДОВАЛЪ

■ ЦIИЯЛ ХАРБАЛ

# Фестиваль «Горцы»

**4-13 августалда Каспий ралъдал рагIал къалъизабуна берцинго ретIа-къарал, батIи-батIиял миллатазул ретIел ретIун, «Горцы» абураб фестивалалде щвараз.**

Гьеб фестиваль тIобитIулеб буго 2004 соналдаса нахъе, 2012 соналдаса ЮНЕСКОялъул кверщалида гъоркь. Санайил фестивалалъ ракIарулаан дунялалъул мугIрул пачалихъазул батIи-батIиял коллективал. Амма исана пандемия сабаблъун къватIисел хIукуматазул коллективазе рачIине щвечIо. Гьелъ батIияб хаслъиги кьуна фестивалалъе. ЦIияб онлайн-форматалда гIахьаллъана гьел коллективал.

Фестивалалде гьоболлъухъ, жидерго миллаталъул ратIлил формаялда щвана Белгородалъул, Калугаялъул, Пензаялъул ва Липецкалъул областазул фольклориял гIуцIиял, Северияб Кавказалъул республиказул вакилзаби .

Дагъистаналъул миллиябгун маданияб бечелъи бихьизабуна лъебергогIанисеб районалъул фольклориял гIуцIияз. Гьезда гъорлъ букIана нилъер районалъул «Дагъбаш» ансамбльги.

Фестивалалъул аслияб масъала буго гIадатияб халкъияб маданият цIуни ва халкъазда гьоркьосеб маданияталъул бухьенал щулалъи.

**НИЖЕР МУХБИР**





ЗАРЕГИСТРИРОВАНО
Управление Минюста России по РД 27.07.2020г.
Государственный регистрационный номер:
RU055410002020001

РЕСПУБЛИКА ДАГЕСТАН СОБРАНИЕ ДЕПУТАТОВ МУНИЦИПАЛЬНОГО РАЙОНА «ШАМИЛЬСКИЙ РАЙОН»

Р Е Ш Е Н И Е

от «30» июня 2020г. № 27/3

## О внесении и изменении и дополнений в Устав муниципального образования «Шамильский район»

С целью приведения Устава муниципального образования «Шамильский район» в соответствие с федеральным законодательством, Собрание депутатов муниципального района «Шамильский район», Решило:

I. Внести в Устав муниципального района «Шамильский район» следующие изменения и дополнения:

**1. пункт 5 части 1 статьи 8** признать утратившим силу;

**2. пункт 3 части 1 статьи 26** изложить в следующей редакции:

«3) в случае преобразования муниципального района, осуществляемого в соответствии с частями 4, 6 статьи 13 Федерального закона от 06.10.2003г. № 131-ФЗ, а также в случае упразднения муниципального района;»;

**3. часть 8 статьи 27** изложить в следующей редакции:

«8. Осуществляющий свои полномочия на постоянной основе депутат Собрания депутатов муниципального района не вправе:

1) заниматься предпринимательской деятельностью лично или через доверенных лиц;

2) участвовать в управлении коммерческой или некоммерческой организацией, за исключением следующих случаев:

а) участие на безвозмездной основе в управлении политической партией, органом профессионального союза, в том числе выборным органом первичной профсоюзной организации, созданной в органе местного самоуправления, аппарате избирательной комиссии муниципального района, участие в съезде (конференции) или общем собрании иной общественной организации, жилищного, жилищно-строительного, гаражного кооперативов, товарищества собственников недвижимости;

б) участие на безвозмездной основе в управлении некоммерческой организацией (кроме участия в управлении политической партией, органом профессионального союза, в том числе выборным органом первичной профсоюзной организации, созданной в органе местного самоуправления, аппарате избирательной комиссии муниципального района, участия в съезде (конференции) или общем собрании иной общественной организации, жилищного, жилищно-строительного, гаражного кооперативов, товарищества собственников недвижимости) с предварительным уведомлением Главы РД в порядке, установленном законом РД;

в) представление на безвозмездной основе интересов муниципального района в Совете муниципальных образований РД, иных объединениях муниципальных образований, а также в их органах управления;

г) представление на безвозмездной основе интересов муниципального района в органах управления и ревизионной комиссии организации, учредителем (акционером, участником) которой является муниципальный район, в соответствии с муниципальными правовыми актами, определяющими порядок осуществления от имени муниципального района полномочий учредителя организации либо порядок управления находящимися в муниципальной собственности акциями (долями в уставном капитале);

д) иные случаи, предусмотренные федеральными законами;

3) заниматься иной оплачиваемой деятельностью, за исключением преподавательской, научной и иной творческой деятельности. При этом преподавательская, научная и иная творческая деятельность не может финансироваться исключительно за счет средств иностранных государств, международных и иностранных организаций, иностранных граждан и лиц без гражданства, если иное не предусмотрено международным договором Российской Федерации или законодательством Российской Федерации;

4) входить в состав органов управления, попечительских или наблюдательных советов, иных органов иностранных некоммерческих неправительственных организаций и действующих на территории Российской Федерации их структурных подразделений, если иное не предусмотрено международным договором Российской Федерации или законодательством Российской Федерации.»;

**4. часть 9 статьи 27** изложить в следующей редакции:

«9. Депутат Собрания депутатов муниципального района должен соблюдать ограничения, запреты, исполнять обязанности, которые установлены Федеральным законом от 25 декабря 2008 года №273-ФЗ "О противодействии коррупции", Федеральным законом от 3 декабря 2012 года№ 230-ФЗ "О контроле за соответствием расходов лиц, замещающих государственные должности, и иных лиц их доходам", Федеральным законом от 7 мая 2013 года № 79-ФЗ "О запрете отдельным категориям лиц открывать и иметь счета (вклады), хранить наличные денежные средства и ценности в иностранных банках, расположенных за пределами территории Российской Федерации, владеть и (или) пользоваться иностранными финансовыми инструментами».»;

**5. часть 3 статьи 28** изложить в следующей редакции:

«3. Полномочия депутата Собрания депутатов муниципального района прекращаются досрочно в случае несоблюдения ограничений, запретов, неисполнения обязанностей, установленных Федеральным законом от 25 декабря 2008 года № 273-ФЗ "О противодействии коррупции", Федеральным законом от 3 декабря 2012 года № 230-ФЗ "О контроле за соответствием расходов лиц, замещающих государственные должности, и иных лиц их доходам", Федеральным законом от 7 мая 2013 года № 79-ФЗ "О запрете отдельным категориям лиц открывать и иметь счета (вклады), хранить наличные денежные средства и ценности в иностранных банках, расположенных за пределами территории Российской Федерации, владеть и (или) пользоваться иностранными финансовыми инструментами», если иное не предусмотрено Федеральным законом от 06.10.2003 № 131-ФЗ.»;

**6. часть 7 статьи 29** изложить в следующей редакции:

«7. Осуществляющий свои полномочия на постоянной основе, Глава муниципального района не вправе:

1) заниматься предпринимательской деятельностью лично или через доверенных лиц;

2) участвовать в управлении коммерческой или некоммерческой организацией, за исключением следующих случаев:

а) участие на безвозмездной основе в управлении политической партией, органом профессионального союза, в том числе выборным органом первичной профсоюзной организации, созданной в органе местного самоуправления, аппарате избирательной комиссии муниципального района, участие в съезде (конференции) или общем собрании иной общественной организации, жилищного, жилищно-строительного, гаражного кооперативов, товарищества собственников недвижимости;

б) участие на безвозмездной основе в управлении некоммерческой организацией (кроме участия в управлении политической партией, органом профессионального союза, в том числе выборным органом первичной профсоюзной организации, созданной в органе местного самоуправления, аппарате избирательной комиссии муниципального района, участия в съезде (конференции) или общем собрании иной общественной организации, жилищного, жилищно-строительного, гаражного кооперативов, товарищества собственников недвижимости) с предварительным уведомлением Главы РД в порядке, установленном законом РД;

в) представление на безвозмездной основе интересов муниципального района в Совете муниципальных образований РД, иных объединениях муниципальных образований, а также в их органах управления;

г) представление на безвозмездной основе интересов муниципального района в органах управления и ревизионной комиссии организации, учредителем (акционером, участником) которой является муниципальный район, в соответствии с муниципальными правовыми актами, определяющими порядок осуществления от имени муниципального района полномочий учредителя организации либо порядок управления находящимися в муниципальной собственности акциями (долями в уставном капитале);

д) иные случаи, предусмотренные федеральными законами;

3) заниматься иной оплачиваемой деятельностью, за исключением преподавательской, научной и иной творческой деятельности. При этом преподавательская, научная и иная творческая деятельность не может финансироваться исключительно за счет средств иностранных государств, международных и иностранных организаций, иностранных граждан и лиц без гражданства, если иное не предусмотрено международным договором Российской Федерации или законодательством Российской Федерации;

4) входить в состав органов управления, попечительских или наблюдательных советов, иных органов иностранных некоммерческих неправительственных организаций и действующих на территории Российской Федерации их структурных подразделений, если иное не предусмотрено международным договором Российской Федерации или законодательством Российской Федерации.»;

**7. часть 3 статьи 31** дополнить словами «, если иное не предусмотрено Федеральным законом от 06.10.2003 № 131-ФЗ»;

**8. пункт 12 части 1 статьи 31** изложить в следующей редакции:

«12) в случае преобразования муниципального района, осуществляемого в соответствии с частями 4, 6 статьи 13 Федерального закона от 06.10.2003г. №131-ФЗ, а также в случае упразднения муниципального района;»;

II. Главе муниципального образования «Шамильский район»:

1) представить настоящее решение на государственную регистрацию в Управление Министерства юстиции Российской Федерации по Республике Дагестан;

2) в течение семи дней со дня поступления настоящего решения из Управления Министерства юстиции Российской Федерации по Республике Дагестан после его государственной регистрации, официально опубликовать настоящее решение;

3) в течение десяти дней со дня официального опубликования настоящего решения направить в регистрирующий орган сведения об источнике и дате официального опубликования.

III. Настоящее решение вступает в силу со дня его официального опубликования, произведенного после его государственной регистрации.

**Глава муниципального района** **Председатель Собрания депутатов**

**М.И. Гасанов**________________ **М.К. Хизроев** ______________

■ ЛЪАЙКЬЕЯЛЪУЛ БУТIАЯЛДА

# 1 сентябралда цIалдохъабазе нуцIби рагьизе хIадурулел руго школал



**Исана пачалихъалда бугеб ахIвал- хIалалъ улбузулги лъималазулги аслияб суал буго - 1 сентябралъ гIадатияб цIалул сон байбихьулищ? –абураб. Гьелъие жаваб балагьун, ва лъайкьеялъул идараби цIияб соналде кин хIадурлъулел ругел лъазе мурадалда ниж щвана районалъул лъайкьеялъул отделалъул нухмалъулев Ибрагьим ХIажиевасухъе.**

**- Ибрагьим, ахираб заманалъ, тIолго дунялалда коронавирус тIибитIиялъ, гIадамазул рахIатхвей цIикIкIун буго. Жакъасеб къоялде кьолеб аслияб суал буго, байбихьулищ гIадатияб цIалул сон, ялъуни дистанционнияб цIалиялдейищ руссунел?**

- 1 сентябралъ лъимал, сверухъ бугеб ахIвал- хIал хисичIони, жидер ракI щварал мугIалимзабазухъе гIадатиял дарсазде щвела. Дистанционнияб цIали гьабизе кьураб буюрухъ гьечIо. Гьединлъидал, капиталиял ремонтал ва цогидал хIалтIаби лъугIизарун, 1 сентябралда цIалдохъабазе нуцIби рагьизе хIадурулел руго районалъул киналго лъайкьеялъул идараби.

**- Кинал хиса-басиял ругел исанасеб цIалул сон байбихьилалде хIадурлъиялъулъ?**

-ТIоцебесеб иргаялда, щивав школалъул хIалтIухъанас кьезе ккола коронавирус загьир гьабулеб анализ. Унти гьечIин абураб справка гьечIого, гьев хIалтIуде виччаларо. ТIадаб буго жибаб школалда чIезабизе дезинфекциялъе хасал растворал ва черхалда хъвачIого температура борцунел термометрал. Къокъго абуни, Роспотребнадзоралъ чIезарурал киналго шартIал цIунун рукIине ккола.

**- ЦIалул заманалда тIуразаризе рихьизарурал шартIал кинал ругел?**

-Дезинфицирующий растворгун, тIадаб буго щибаб къойил уборка гьабизе. Дарсал кьезе руго предметиял кабинетал хисичIого, жиб-жиб классалъе бихьизабураб цо ккураб бакIалда. Школалде рачIарал лъимал, классалде жанире лъугьиналде, черхалда хъвалареб термометралъ температура борцун гурого, дарсиде риччаларо. Жанир лъугьунеб кIалтIаса дозатор камизе тезе бегьуларо, гьединго туалетаздаги сапун ва дезинфекциялъе раствор чIезабун букIине ккола. Щибго гриппалъул гIаламат бихьани, тархъизе течIого лъимал цогидаздаса ратIа гьаризе ва медицинаялъул хIалтIухъанасда лъазабизе тIадаб буго. Бищун кIвар цIикIкIараблъун бугелъул рацIцIа-ракъалъи цIуни, щибаб переменаялъ гьава бацIцIад гьабиялдеги кьезе ккезе буго кIудияб кIвар. Гьединго Роспотребнадзоралъ тIадкъалеб буго гIемерисел физкультураялъул дарсал, цIияб гьаваялда, площадкаялда гьаризе. Столоваялъул хIалтIухъаби маскаби рачIого хIалтIизе бегьуларо. Гьединго, лъималазе гIемер бицине ккола рацIцIа – ракъалъи цIуниялъул бугеб кIудияб хайиралъул.

**-2019/2020 цIалул соналъул ахирисеб четверталъ гьабизе ккана дистанционнияб цIали. Лъималазул лъай нахъе ккезабунин гьелъ абурал пикраби руго. Кинаб хIалтIи гьабизе бугеб цIалдохъабазул лъай борхинабизе?**

-Руго Лъайкьеялъул министерствоялъ рихьизарурал хасал малъа-хъваял. РФялъул лъайкьеялъул министр Сергей Кравцовасул рагIабазда рекъон, ихдал гьаричIого хутIарал ВПРал (Всероссийские проверочные работы) тIоритIизе руго сентябралда ва октябралда. Гьез бихьизабила нилъер лъималазе сундулъ дагьабги кIвар кьезе ккезехъин бугебали, кинаб къадаралда лъай бугеб борцуна гьел хIалтIабаз. ГIемерал хиса-басиял ккана карантиналъул заманалда лъайкьеялъул бутIаялда, цIалул тартибалда гуребги, экзаменазда, олимпиадабазда хурхунги. Амма мугIалимзабазулги цIалдохъабазулги жигараб кIваралъ гурони кIвеларо лъай борхизабизе ва дистанционнияб цIалул заманалъ гьоркьоб хутIараб батани, бецIизе. Исанасеб цIалул соналде гьирагун къачIалел ругел лъималазе, умумузе ва мугIалимзабазе къуват кьеги. Кидаго гьезие кумекалъе хIадурал руго лъайкьеялъул отделалъул хIалтIухъаби.

ГIайшат НУРМУХIАМАДОВА

■ ГАРА-ЧIВАРИ

# МунпагIаталда хIалтIани кIудияб давлат буго туризмалъулъ



**Гучаб гIурул чвахиялда релъун, хехаб низамалда унеб бугеб XXI гIасруялъул гIумруялъулъ кIудияб бутIа лъолеб буго туризмалъ. ТIабигIат берцинал, тарихгун маданияталъ бечедаб Дагъистаналъул ракьалъ цIалел руго батIи-батIиял бакIаздаса гьеб эркенлъиялъухъ балагьизе бокьарал.**

Туризм цебетIей буго тIолго хIукуматалъего гIадин нилъер районалъеги кIвар цIикIкIараб суаллъун. Нилъер районалда туризм цебетIеялъе гьабулеб бугеб хIалтIул бицун, бетIерай редактор ПатIимат МухIамадовалъ гара-чIвари гьабуна райадминистрациялъул туризмалъул специалист Юсуф МухIамадовгун:

**- Юсуф, жакъасеб къоялъ туризм буго хехал галабаздалъун цебе унеб бугеб бутIа. Дуца кинаб къимат кьолеб нилъер районалда туризм цебетIеялъе?**

- Россиялдаса ва къватIисел хIукуматаздаса нилъер районалда ругел берцинал бакIазде рачIунел къобахъанагIан цIикIкIунел руго. Амма туризм цебетIеялда тIад хIалтIи гьабизе жо гIемераб буго. Цере лъурал масъалабиги цIикIкIарал руго. Гьоркьохъеб хIалалда буго нилъер гьаниб инфраструктура цебетIун, гьелъ цо дагьаб захIмат буго туризмги цебетIезабизе.

**- Кинаб хайир бугеб ройоналъе, ялъуни нилъер жамагIаталъе туризм цебетIеялдаса?**

- Туризм цебетIеялъулъ районалъе буго, тIоцебесеб иргаялда, экономикияб хайир. Гьелъ рес кьола бакIалъул предпринимательство цебетIеялъе, гIатIид гьабиялъе. Нилъер миллияб кванил, ратIлил ва цогидал хаслъабазде кIудияб гьира букIуна туристазул. Мисалалъе, къелдерил хIан, яги хIунтIер буго цогидазул букIунареб нигIмат. Гьидерил хурдузул чаязул буго цIар ун. Балагьизе лъугьани гIемерал перспективаби ратила миллияб магIишатгун туризм бухьинабиялъулъ.

Росаби чIунтиялъул, гIолилал гIатIид ракьазде гочиналъул суал буго ахирисел соназ хIалуцараб хIалалда. Дида ккола рижараб ракьалдаса мунпагIат босизе лъай бугин чиясул бищун кIудияб даража. ГIолилазе хIалтIизе ва магIишат гьабизе гIатIидал ресал кьолел руго туризмалъ. Дагь-дагьккун гьелъул бичIчIи бачIинин ккола нилъер гIадамазулъ.

Жеги туризмалъул буго нилъер маданиябгун миллияб ирс цIуниялъе кумек, цIи гьарун рачIунел руго кIочон тарал промыслал.

**- Сундалъун туристазул нилъер районалде цIай цIикIкIинабизе рес бугеб?**

- ТIабигIаталъул берцинлъи гуребги Шамил районалъул буго тарихиябгун маданияб кIудияб нахърател. ГIасрабазул гьварилъуде унеб тарих буго нилъер районалъул росабазул. Мисалалъе, КъахIиб росу бан буго 6 гIасруялда, тарихчагIазул баяназда рекъон. Гьенисан унеб букIун буго «Малый шелковый путь». Жакъа басрияб росдал сипаталъ гIемерав чи цIала гьениве. Гьединго Гьоориб басрияб росдал хъалаби руго киназулго бербалагьи цIалеб бакIлъун, анцIабилеб гIасруялдаса байбихьун жиндир бицен бугеб Датуна насранияб диналъул кIалгIа ва цогидал. ТарихчагIазул кIваралдалъун ахирал соназ тIатарал церегосел росаби руго къимат цIикIкIарал хутIелаллъун ( ТIидиб - Гичинское поселение IV-V тыс. до н.э, Цархигоцинский могильник, I-II в. н.э; МачIада-Шуратарклинское поселение, средние века).

**- ЦIакъ кIудияб гьира букIунеб буго туристазул гьел басриял бакIал рихьизе.**

- БитIараб буго. Цебе магIарухъ рукъзал раялъул хаслъи, туристал щиб гурин, нилъгоцин паналъизе рачIунеб жо буго. Рекьулел ракьал къиматалда тун, рорхатал кьурабазда, тушманасдаса цIунизе рес бугел бакIазда ралаан гьел.

(Ахир 4-леб гьумералда)











■ ГАРА-ЧIВАРИ

# МунпагIаталда хIалтIани кIудияб давлат буго туризмалъулъ

(Байбихьи 3-леб гьумералда)

Гьединго мисалалъе бачине бегьулеб, тамашаяб бакI буго ТIидиб ракьулъ бугеб ицц. КъанагIатаб, захIматго бараб иццдасан 300гIанисеб метралъ ракьулъан хъаравуллъиялъул хъалаялде нух букIун буго, рагъул заманалъ балъго лъим цIезе рес букIине. БухIараб риидалил къоялъцин гьенисан цIураб лъим гьекъезе захIматаб буго цIороялъ.

Дица абухъе, гIемерал руго берцинал гIажаибал бакIал нилъер районалда, гIадамазда лъангутIи буго квеш ккун.

**- Лъазабизе щиб къварилъи бугеб? Нилъерго районалда жанир туризмалда хIалтIи гьабизе байбихьарал чанги руго. Гьезул кумекалдалъун цо гIаммаб проект гIуцIизе рес гьечIищ?**

- Гьанже дун гьелда тIад хIалтIилев вуго. МикьигъорИб гIуцIун бугеб гьалбадерил рукъалъул бетIергьан Ш. ИмангIалиевгун данд балеб буго гьеб суал. Гьезул гьенир туристал дандчIвазе санагIалъаби гIуцIун руго. Чода рекIун мугIрул сухъмахъазда сверун, гьенисан ГьоорИб-КъахIибе цIвезегIан туристазе нух лъолеб буго. Амма гьаб буго информационниял технологиязул гIасру, социалиял гьиназул кумекалдалъун бегьула гIемер цебетIей гьабизе туризмалъе. Гьелъие дагьал дирго сурсатал гIоларого руго. (гьимулаго) Цо камераниги щолебани, лъикIаб кино бахъилаан нилъер районалъул кинабго бечелъиги берцинлъиги жаниб бачун.

**- Кинал квал-квалал данд чIвалел ругел туризм цебетIеялъе?**

- Гьаб хIалтIудеги гIумруялдеги дир кидаго букIана цого бербалагьи –Аллагьас кьола, гьес нахъеги босула. КIудияб хайир балагьи букIинчIо киданиги дир мурад. Мисалалъе, араб соналъ ГьоорИб оцбанкъоялде рукIана рачIарал гьалбал. Къелеб цебеккун «заказ» кьун букIараб бакIалдаса бачIине буго цо хIунтIерги анцIго гурга бакъвараб хIанилги. Диего хайир гьабулев чилъун вихьана гьезда дун. Нахъеги 40 гурга цоги чагIазухъа бачIинабизе ккана. Гьез бичулеб нигIматалъе, жидеего хайиралъе ратун ругел нухал хIалтIизаризе лъалел гьечIолъи буго кweш ккун. Божилъи гьечIо нилъер гIадамазулъ. Гьезул пикру хисизаби батана дида цIакъ кIудияб масъала.

Цоги цIакъ захIматаб буго рачIарал туристал рукIа-рахъиналъул суал. Сордо базе бокьарав чиясе санагIат бахъи буго. Дихъе рачIуна кIалъан цо-кIиго къо базе бокьун бугин абун. Нилъер гьанир туристал къабул гьаризе жавабчилъи тIаде босизе бокьулеб гьечIо районцоязе. РегIуларилан абураб жаваб щола гIемер. Щиб кIудияб хIалтIи бугеб росулъ бичIчIуларо дида..

Гьале исана карантин байбихьаралдаса дун ургъулев вуго щиб цIияб дица гьабизе бегьулеб, гьоркьиса ракIалда букIаралдаса гьабичIого хутIараб щиб бугеб абурал суалазда.

**-РагIалде бахъанищ пикру?**

-Жеги бахъинчIо. Ургъулев вуго цIиял проектазда. Карантиналъул заман гIадада биччаларин абун, цо хъизамалъе гIураб гьитIинаб гьалбадерил рукъ рагьизе кIвар кьуна гIурисезул кьода аскIоб. Гьенибго гIурул рагIалда буго цоги гьалбадерил рукъ. Гьениб буго 300 гьветI бугеб ах. Курак, микьир, гIеч, цIулакьо бижула. Риидал вачIарав чиясе рес буго гIарацги кьун бокьараб пихъ бетIизе. Радал жиндиего бокьарал хурдузул чай



гьабизе самоварги лъун, мугIрузул бацIцIадаб гьоцIо чIезабизе бокьун буго гьалбазе. Гьединал пикраби жеги гIемерал руго.

**- Карантиналъул хабар ккедал, кинаб хиса-баси ккараб дур хIалтIулъ, Юсуф.**

- Бокьараб цебехун туркIиялъе лъалхъизе ккола. Дица гьеб заман хIалтIизабуна ургьиялъе, лъикIал пикраби ругел гIадамазул бербалагьи цIехон, дирго пикрабазда тIад хIалтIана. Амма хIалтIуде «ракъи» букIана. Гьаб хъулухъалде лъугьун буго кIиго лъагIел, отпуск босун букIинчIо жеги. РугьунлъуларОго вукIана. Гьале карантиналъул низам чучлъаралдаса туристазул чвахиялъ бахъана доб хIалтIухъ букIараб чIалгIен. КъватIисел хIукуматазде нухал къаялъ исана цIакъго цIикIкIана Дагъистаналде туристал.

**- Юсуф, мисалалъе Россиялда гIодов чIун ургъулев вуго цо пуланав чи Дагъистаналде хIухьбахъиялъе вачIине. ГIурусазул буго цебеккун план гIуцIун, борца-къотIун къватIир рахъунеб хасият. Кин доба рикIкIад вугев чиясда дур гIурул рагIалда ругел санагIалъабазул лъалеб?**

- Интернеталда хасал сайтал регистрациябиги гьарун, маршруталги, гьалбадерил рукъзалги рукIиналда тIад хIалтIулев вуго дун. Ургъулел руго дизайналда тIад, гIадамазе чIезаризе ругел шартIазда. Нилъер гIадамазул буго бихьулеб гьечIони, хIалтIи гьабулеб гьечIин абураб пикру.

Бихьулеб хIалтIи букIуна къадахъанасулги, хъвадарухъанасулги, ургъулев чиясул букIуна бихьулареб, балъгояб хIалтIи.

**- Балъгояб бугониги къватIиб загьирлъуледухъ букIине батила нужер гьеб.**

- Иншааллагь. Гьелъие дидаса бажарараб кIвар кьолеб буго дица кIудияб гьирагун.

■ ОБЪЯВЛЕНИЯ


## Первый в горных районах колледж открывает двери для абитуриентов!



Уважаемые выпускники школ, Социальный колледж в с. Ассаб Шамильского района объявляет о приеме документов для обучения на контрактной основе по специальности: «Право и организация социального обеспечения», квалификация – юрист.

Документы:

1. Личное заявление (форма установленного образца заполняется при подаче документов);
2. Ксерокопия документов, удостоверяющих личность (паспорт, свидетельство о рождении);
3. Оригинал документ об образовании и квалификации с приложением
4. Фотографии 3х4 (8 штук)
5. Адрес социального колледжа: 368441, Республика Дагестан, Шамильский район, сел. Ассаб (проезд до районного центра сел. Хебда. Пройти к Медресе имени шейха Абдурахман – хаджи Ассабского).
6. Контактные телефоны: 8 967 933 33 35, 8 967 938 16 41
7. Электронный адрес: gitin-1973@mail.ru

Срок обучения по очной форме: на базе 9 кл. – 2года 10мес., на базе 11 кл.- 1 год 10мес.

Срок обучения по заочной форме: на базе 9 кл. – 3 года 10 мес., на базе 11 кл.- 2 года 10мес

Приемная комиссия по адресу: Шамильский район, с. Ассаб, Медресе имени шейха Абдурахман – хаджи Ассабского.


Утерянный аттестат с номером № 00518000268369, выданный Гасанову Гасану Омарасхабовичу 21.11.1996 г.р. об окончании 2014г. МКОУ «Хебдинская СОШ» Шамильского района РД, считать недействительным.

Утерянный аттестат с номером № 05ББ0102104 выданный Гасанову Омару Гитинахмаевичу 28.07.1992 г.р. об окончании 9 классов 2009г МКОУ «Хебдинская СОШ» Шамильского района РД, считать недействительным.


ЦОЛЪИ

БЕТIЕРАЙ РЕДАКТОРАЛЪУЛ ИШАЛ ТIУРАЛЕЙ
П.Ш. МухIамадова
тел: 2-22-09
код: 887259

ЖАВАБИЯВ СЕКРЕТАРЬ
ГI. НурмухIамадова

КОРРЕСПОНДЕНТАЛ
Д.Давудов
П.Ибрагьимова

РЕДКОЛЛЕГИЯ:
П. ГьитIинова,
М. Гьазалиев,
Ш. Абакаров,
М. ГьазимухIамадов.

НАБОР
М. ГьитIиномухIамадовалъул

ДИЗАЙН - ВЕРСТКА
Марьям ГIисаевалъул

Газета гIуцIарал: Муниципалияб гIуцIи «Шамильский районалъул» администрация

Учредители: Администрация муниципального образования «Шамильский район»

БатIи-батIиял соназда газета къватIибе бачIунеб букIана “Цияб канлъи” ва “БагIараб цIва” абурал цIаразда гьоркь.

Газета хIадур гьабуна редакциялъул компьютералъул цехалда

Газета къабуна ДРялъул миллияб политикаялъул, информациялъул ва къватIисел бухьеназул министерствоялъул “ГУП РГЖТ” типографиялда; Петр-I къватI, 61
Тираж - 1000
Индекс 51368

Газета зарегистрована Министерством РФ по делам печати, телерадиовещания и средств массовых коммуникаций Южного окружного межрегионального территориального управления. Регистр.ПИ№10-4593.

Графикалда рекъон печаталде кьураб заман 16.00
ХIакъикъаталда печаталде кьураб заман 16.00

Редакциялъул пикру кидаго гуро газеталда рахъарал макъалабазул авторазул пикругун данде-кколеб. Макъалабазда рихьизарурал хIужа-базул, цIаразул, тарихазул ва цогидалги баяназул жаваб кьола гьезул авто-раз. Гьединал материалал газеталда рахъула, гьезие общественносталъ къимат кьезелъун.
Нижер электронияб почтаялъул адрес: gazeta.yedinstvo@mail.ru

Издателасул ва редакциялъул адрес: РОССИЯ, Республика Дагестан, Шамил район, ХIебда росу
Имам Шамилил къватI № 50